

Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo

*Divizyon Sèvis Fanmi yo
Biwo Sèvis pou Timoun yo*

Gid pou Paran

Deklarasyon Misyon

Fè pwomosyon pou sekirite ak byennèt timoun yo ak fanmi yo
atravè prevansyon, pwoteksyon ak pèmanans.

Deklarasyon Vizyon

Timoun nou yo.
Avni nou.
Responsabilite nou.



Entwodiksyon

- Objektif Gid pou Paran an
- Ki otorite ou genyen?
- Kisa Repons Diferansyèl vle di?
- Kijan yo defini abi ak neglijan sou timoun?
- Kiyès ki denonse mwen?
- Ki dwa mwen genyen kòm paran/gadyen?
- Ki dwa timoun mwen an genyen?

Chapit I - Ankèt

- Kisa ki pase pandan yon ankèt?
- Kisa Rejis Pwoteksyon Timoun nan ye?
- Planifikasyon Sèvis
- Retire Timoun nan Kay la
- Bra ki San Danje pou Bebe yo

Chapit II - Repons pou Evalyasyon ak Entèkansyon nan Fanmi (FAIR)

- Kisa FAIR ye?
- Kisa ki fèt pandan FAIR?
- E si mwen pa vle patisipe nan sèvis FAIR yo?
- Èske yo ka mete mwen nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan si mwen patisipe nan FAIR?
- Konbyen tan FAIR dire?

Chapit III - Lòt Sèvis ak Nimewo Telefòn

- Kiyès pou Kontakte pou Rezoud Pwoblèm yo
- Lòt Sèvis DSCYF yo
- Apèl pou Pote Sekou
- Lokalizasyon Biwo DFS yo

ENTWODIKSYON

Objektif Gid pou Paran an

Gid sa fèt pou ou. Li fèt pou li ba nou yon apèsi sou sèvis nou yo epi li ta dwe reponn ak anpil nan kesyon yo poze dabitid yo.

Asistan Sosyal ou a kapab eksplike epi reponn kesyon ou kapab genyen ki pa nan gid sa a.

Ki otorite ou genyen?

Divizyon Sèvis pou Fanmi (Divizyon) se youn nan kat Divizyon Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi (DSCYF).

16 *Del. C.*, Ch. 9 la dekri otorite legal Divizyon an. Lalwa egzije pou tout rapò abi oswa neglijan sou timoun nan Delaware fèt nan Divizyon an. Divizyon an dwe mennen yon ankèt pou tout akizasyon ki ta kapab konstitiye yon vyolasyon kont yon timoun, men li ka itilize yon apwòch evalyasyon fanmi pou lòt kalite akizasyon. Pwosesis ankèt ak evalyasyon fanmi yo se sa nou rele yon Sistèm Repons Diferansyèl (DRS). Yon DRS pèmèt Divizyon an bay yon repons ki adapte ak kalite akizasyon an. De pwosesis yo ap diskite nan chapit yo ki vini apre a.

Divizyon an responsab ankèt ak evalyasyon abi ak neglijan sou timoun yo nan mitan fanmi yo. An prensip, Divizyon an mennen ankèt ak evalyasyon lè yon timoun gen risk pou yo maltrete, neglije li oswa pou li depandan.

Kijan yo defini abi ak neglijan sou timoun yo?

Yon **timoun** se tout moun ki poko genyen 18 lane.

Dapre 10 *Del. C.* §901, abi ak neglijan sou timoun defini konsa:

“Abi” oswa “timoun maltrete” vle di yon moun:

- a. lakòz oswa komèt abi seksyèl sou yon timoun; oswa
- b. responsab, an chaj, oswa gen kontwòl yon timoun, epi lakòz oswa komèt:
 1. vyolans fizik ak yon **fòs ki pa jistifye** jan sa defini nan § 468 Tit 11;
 2. abi emosyonèl;
 3. tòti;
 4. eksplwatasyon; oswa
 5. maltretans oswa neglijan.

Dapre Kòd Delaware la, **fòs ki pa jistifye** “...gen ladan men pa limite ak ...Jete yon timoun, bay kout pye, boule, blese, bay kout pwen, toufe, itilize oswa menase pou itilize yon zam ki ka touye, anpeche gen aksè ak manje oswa medikaman pandan anpil tan, oswa poze nenpòt ki lòt aksyon ki kapab lakòz oswa ki rive lakòz blese fizik, defigire, depresyon sikolojik, yon degradasyon inital oswa yon gwo risk blese fizik grav oswa lanmò...”

“Depandans” oswa “timoun depandan” vle di yon moun:

- a. responsab pou swen, gad ak/oswa kontwòl timoun nan; epi
- b. Pa genyen kapasite ak/oswa mwayen ekonomik pou okipe timoun nan; epi
 1. Pa rive bay swen ki nesèsè nan sa ki gen pou wè ak: manje, rad, lojman, edikasyon, swen sante, swen medikal oswa lòt swen ki nesèsè pou sante emosyonèl, fizik oswa mantal timoun nan, oswa ak sekirite ak byennèt li an jeneral; oswa
 2. Timoun nan ap viv lakay "yon granmoun" ki pa rantre nan kad definisyon "paran" nan seksyon

sa sou baz elaji san yon evalyasyon DSCYF, oswa ajans li bay otorizasyon; oswa

3. Yo mete timoun lan nan yon òganis ki otorize ki konfime li pa kapab fini yon pwòje adopsyon ki apwopriye.

Pou rive nan yon konklizyon sou depandans nan kad seksyon sa a, antesedan yo kapab pran an kont depandans, neglijan oswa abi nenpòt nan pati yo.

"Abi oswa neglijan sou timoun yo nan fanmi an" se nenpòt abi oswa neglijan ki komèt pa:

- a. Yon paran, gadyen, oswa yon titè;
- b. Lòt manm fanmi oswa kay timoun nan, sa vle di moun ki ap viv ansanm tanporèman oswa pou yon bon tan menm si yo genyen oswa pa genyen lyen parante epi san rapò ak dire oswa kontinuite rezidans sa a, epi se kapab tou moun ki t ap viv nan kay la anvan tankou pwòch yon manm nan kay kote timoun nan rete a;
- c. Tout moun, san sa pa gen anyen pou wè ak apatenans li ak kay kote timoun nan rete a, defini kòm yon paran oswa yon fanmi nan seksyon sa a oswa kòm yon granmoun jan sa defini nan § 1009(b)(3)a. [anile] tit sa.

"Neglijan" oswa "timoun neglije" vle di yon moun:

- a. responsab pou swen, gad, ak/oswa kontwòl timoun nan; epi
- b. gen kapasite ak mwayen ekonomik pou li satisfè bezwen timoun nan; epi
 1. pa bay swen ki nesèsè nan sa ki gen pou wè ak: manje, rad, lojman, edikasyon, sante, swen medikal oswa lòt swen ki nesèsè pou sante oswa sekirite sikolojik, fizik oswa mantal timoun nan ak byennèt li an jeneral; oswa
 2. abize regilyèman epi gravman alkòl oswa yon sibstans ki kontwole, ki p ap swiv yon tretman pou abi sa epi abi a menase kapasite pou

timoun nan resevwa swen ki nesèsè pou sekirite li ak byennèt li an jeneral, oswa

3. pa bay timoun nan siveyans nesèsè ak apwopriye lè timoun nan pa kapab satisfè pwòp bezwen primè li yo oswa asire sekirite li, apre yo fin pran an kont faktè tankou laj timoun nan, kapasite mantal li, eta fizik li, dire absans gadyen an ak kontèks anviwònman timoun nan.

Kiyès ki denonse mwen?

Règleman Divizyon Sèvis Fanmi yo pwoteje idantite tout moun ki siyale yon ka abi oswa neglijan kont yon timoun. Asistan sosyal ou a dwe prezève konfidansyalite idantite moun ki siyale sa.

Tout moun ki patisipe ak tout bòn fwa yo pou fè yon rapò ap benefisye iminite kont tout responsabilite.

Koman ou fè rive jwenn rapò sou fanmi mwen an?

Divizyon Sèvis pou Fanmi genyen yon liy telefonik pou fè rapò, **24 sou 24, 7 jou sou 7. Sa ki gen ladan tout wikenn ak jou konje yo.**

Nimewo telefòn gratis pou rele pou fè rapò a se **1.800.292.9582**. Ou ka fè rapò a sou entènèt tou nan iseethesigns.org.

Ki dwa mwen genyen kòm paran oswa gadyen?

Si ou se paran oswa gadyen yon timoun ou gen dwa pou:

- enfòmè de tout akizasyon ki fèt kont ou
- enfòmè de rezilta ankèt la
- enfòmè si dosye fanmi w lan pral jwenn sèvis tretman kontini
- konteste desizyon enpòtan
- mande aksè a dosye fanmi w la
- konsilte yon avoka ou chwazi

Ou gen dwa pou leve timoun ou an fason ki pi konvnab pou fanmi w ak timoun ou, depi w p ap abize oswa neglije timoun ou an.

Ki dwa timoun mwen an genyen?

Timoun ou an gen dwa a swen fizik ak emosyonèl apwopriye ki gen ladan: manje, lojman, rad, edikasyon ak swen medikal ki apwopriye, ki gen ladan dyagnostik ak tretman pwoblèm medikal ak emosyonèl.



Chapit I - ANKÈT

Kisa ki pase pandan yon ankèt?

Aktivite sa yo ap fèt nan kad pwosesis ankèt la:

- Antretyen ak tout granmoun nan kay la
- Antretyen ak paran ki pa an chaj la
- Antretyen tout timoun nan kay la ak/oswa obsèvasyon si se pa vèball
- Rasanbleman enfòmasyon siplemantè bò kote lòt sous ki andeyò de domisil fanmi an, tankou pèsònèl lekòl ak medikal, gadri, ajan ki la pou fè respekte lalwa yo, fanmi ak zanmi.
- Evalyasyon toksikomani, sante mantal ak vyolans domestik nan fwaye a
- Tout lòt aktivite ki nesèsè pou asire sekirite timoun nan

Kisa ki pase ankò pandan yon ankèt?

Tou depann de rapò a, asistan sosyal ou a *ka*:

- Egzije pou yon doktè egzamine timoun ou an
- Mande w pou siyen fòmilè Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon Medikal Pwoteje DSCYF la
- Mande pou timoun ou an pase yon antretyen mediko-legal nan Sant Defans Timoun (Children's Advocacy Center, CAC) pou kapab redui repetisyon antretyen òganis ankèt yo (ajans ki la pou fè respekte lalwa yo, Divizyon Sèvis pou Fanmi yo ak Depatman Jistis la) ki ap gen pou yo obsève antretyen yo. Se sa ki rele MDT a oswa Ekip Milti-Disiplinè a.

Ki règleman Divizyon an sou konfidansyalite enfòmasyon kliyan yo?

Pandan enplikasyon w ak Divizyon an y ap mande w pou siyen. fòmilè Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon Medikal Pwoteje DSCYF la. Lè w siyen dokiman sa, ou otorize Divizyon

an pataje enfòmasyon sante pwoteje ak lòt ajans nan Depatman nou an. Anplis, lè w siyen fòmilè sa, ou otorize Divizyon an resevwa enfòmasyon pwoteje nan men lòt founisè ou ap endike (pa egzanp doktè, terape, etc.)

Jesyon Divizyon enfòmasyon konfidansyèl kliyan an konfòm ak lalwa, règleman ak pratik pwofesyonèl ki aplikab yo. Sof nan kèk sikonstans, apa de sa Divizyon an pa divilge okenn enfòmasyon konfidansyèl sof avèk konsantman w alekri, epi divilgasyon oswa demann enfòmasyon konfidansyèl yo limite ak sa ki nesèsè pou planifikasyon dosye ak livrezon sèvis.

Èske Divizyon an ap peye pou egzamen medikal timoun mwen an si sa nesèsè pandan ankèt la?

18 *Del. C. §3557* presize yon kouvèti asirans kolektif oswa global pou yon timoun ki ap viv Delaware oswa ki ap resevwa swen medikal nan Delaware pa kapab limite kouvèti asirans lan lè se Divizyon Sèvis Fanmi an oswa ajans ki la pou fè respekte lalwa yo rekòmande li pou koz abi oswa neglijan sou timoun. Ak tou, rekòmandasyon doktè swen prensipal yo pa nesèsè.

Konbyen tan ankèt la ap dire?

Menm si chak ankèt diferan, an jeneral yon ankèt dwe fini nan yon delè 45 jou sivil.

Kisa ki ap pase si mwen pa kolabore ak Divizyon an?

Divizyon Sèvis Fanmi yo rekonèt enpak ak pètibasyon entèvansyon nou an kapab genyen sou fanmi ou. Se souvan santiman pètibasyon sa ki pouse moun yo pa vle kolabore ak efò nou yo.

Si ou deside pou pa kolabore, Divizyon ap petèt gen pou li pran lòt desizyon pou li mennen ankèt li a. Pa egzanp, asistan sosyal ou a kapab oblije w kolabore a travè Depatman Jistis la ak Tribinal Fanmi an.

Mwen tande si mwen pa kolabore ak DFS, w ap pran timoun mwen an nan men m.

Asistan sosyal ou a ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou li travay ak ou pou asire sekirite timoun ou an nan fwaye w la. Men si malgre sa timoun ou an pa kapab rete an sekirite, asistan sosyal ou a kapab kontakte Tribinal Fanmi an pou mande gad tanporè ak otorizasyon pou retire timoun lan nan fwaye w la.

Mwen tande nou ka fè arete m.

Dapre lalwa, lè akizasyon ki rapòte yo endike yon krim ta rive komèt kont timoun ou an, asistan sosyal ou gen obligasyon pou li kontakte òganis ki la pou aplike lalwa yo ak Depatman Jistis la.

Ki rezilta yon ankèt ka genyen?

Divizyon an gen obligasyon pou li pran youn nan de desizyon sa yo lè ankèt la fini:

1. Deside si gen prezans majorite prèv la (50 % oswa plis) pou jistifye abi oswa neglijan sou timoun nan, ak
2. Deside si sa nesese pou li pwolonje sèvis yo pou fanmi ou. Divizyon an kapab tou asire sèvis yo si yo detèmine gen risk pou timoun ou an sibi abi oswa neglijan.

Kijan yon moun konnen yo jwenn li koupab zak abi oswa neglijan?

Asistan sosyal la ap voye yon Avi Entansyon pou Etabli Prèv pou Abi ak Neglijan, ki ap enfòme moun nan Divizyon an gen entansyon pou etabli prèv pou yon zak abi oswa neglijan. Lèt la ap presize nivo Rejis Pwoteksyon Timoun ki rekòmande a, ansanm ak tou pwochen etap yo.

Si asistan sosyal ou a gen entansyon pou li pwouve ou komèt zak abi oswa neglijan, ou gen dwa pou mande yon odyans nan Tribinal Fanmi anvan yo enskri non w nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan. Ou dwe prezante demann pou odyans ou an nan

delè 30 jou apre dat ou fin resevwa lèt la, sinon non w ap otomatikman enskri nan Rejis la san odyans.

Kisa Rejis Pwoteksyon Timoun nan ye?

Rejis Pwoteksyon Timoun nan gen ladan non moun yo jwenn ki koupab zak abi oswa neglijan. Zak ki pwouve sa yo klase nan youn nan kat nivo yo: I, II, III, ak IV.

Kisa diferan nivo nan Rejis Pwoteksyon Timoun yo siyifi?

- **Nivo I Pwoteksyon Timoun** – Yon moun yo jwenn koupab zak abi oswa neglijan nan Nivo I Pwoteksyon Timoun p ap nan Rejis Pwoteksyon Timoun, p ap siyale bay anplwayè yo ki gen obligasyon pou verifye Rejis la epi ki kalifye pou yo travay nan yon gadri, yon etablisman swen sante oswa yon lekòl piblik. Men non ou ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak dosye w la ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS la epi y ap rapòte an repons ak demann ki fèt pou rechèch travay anndan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo, ak desizyon ki gen pou wè ak fanmi dakèy yo ak paran adoptif yo, ak desizyon ki gen pou wè ak pèmi pou gad timoun yo, ak rapòte an fonksyon de *Kòd 31 Delaware §309* oswa *Kò Delaware §906(e)*.

Kondanasyon nenpòt nan krim sa yo lè li baze sou menm zak abi oswa neglijan ki nan Avi Entansyon pou Etabli Prèv la konsidere kòm yon risk domaj minim pou timoun nan alavni epi klase nan Nivo I Pwoteksyon Timoun: *vyolasyon egzijans pou prezans obligatwa nan lekòl oswa absanteyis*.

- **Nivo II Pwoteksyon Timoun** - Yon moun ki enskri nan Rejis la nan Nivo II ap rete nan Rejis la pou 3 lane, epi ap siyale ak anplwayè yo ki gen obligasyon pou verifye Rejis la toutotan non li ladan, men anplwayè a tou ap enfòme ou elijib pou yon travay nan yon gadri, yon etablisman swen sante, oswa yon lekòl piblik pandan non w nan Rejis nan

Nivo II a. Non ou ap otomatikman soti apre 3 lane epi p ap siyale anplwayè yo sa ankò, depi ou pa gen lòt jistifikasyon pandan ou nan Rejis la. Non ou ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak dosye w la ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS la epi y ap rapòte nan kad demann ki fèt pou rechèch travay anndan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo, ak desizyon ki gen pou wè ak fanmi dakèy yo ak paran adoptif yo, ak desizyon ki gen pou wè ak pèmi pou gad timoun yo, ak rapò an fonksyon de 31 *Kòd Delaware §309* oswa *Kòd Delaware §906(e)*.

Kondanasyon youn nan krim sa yo lè li baze sou menm zak abi oswa neglijan ki nan Avi Entansyon pou Etabli Prèv la konsidere kòm yon risk domaj modere pou timoun nan alavni epi klase nan Nivo II Pwoteksyon Timoun: *entèferans ak gad*

- **Nivo III Pwoteksyon Timoun** - Yon moun ki enskri nan Rejis la nan Nivo III ap rete pandan 7 lane sou Rejis la epi ap siyale ak anplwayè yo ki gen obligasyon pou verifye Rejis la toutotan non li sou Rejis la. Men anplwayè a tou ap enfòme ou pa elijib pou yon travay nan yon gadri, yon etablisman swen sante, oswa yon lekòl piblik pandan non ou nan Rejis Nivo III a. Non ou ap otomatikman soti apre 7 lane e p ap siyale anplwayè yo sa ankò, depi ou pa gen jistifikasyon pandan ou nan Rejis la. Non ou ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak dosye w la ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS la epi y ap rapòte nan kad demann ki fèt pou rechèch travay anndan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo, ak desizyon ki gen pou wè ak fanmi dakèy yo ak paran adoptif yo, ak desizyon ki gen pou wè ak pèmi pou gad timoun yo, ak rapò an fonksyon de 31 Delaware Code §309 oswa 16 *Kòd Delaware §906(e)*.

Kondanasyon youn nan krim sa yo lè li baze sou menm zak abi oswa neglijan ki nan Avi Entansyon pou Etabli Prèv la konsidere kòm yon gwo risk domaj pou timoun nan

alavni epi klase nan Nivo III Pwoteksyon Timoun: *atouchman, asèlman seksyèl, menas, mete an danje nan dezyèm degre poutèt neglijan, agresyon nan twazyèm degre, menas teyoris, anprizònman ilegal nan dezyèm degre, bay dwòg oswa sibstans ki kontwole, abandone yon timoun, atent ak pidè nan premye oswa dezyèm degre, deli ki mete byennèt timoun nan an danje oswa abi sou yon timoun nan twazyèm degre.*

- **Nivo IV Pwoteksyon Timoun** - Yon moun ki enskri nan Rejis la nan Nivo IV ap rete pou toutan e ap siyale ak anplwayè yo ki gen obligasyon pou verifye Rejis la. Men anplwayè a tou ap enfòme ou pa elijib pou yon travay nan yon gadri, yon etablisman swen sante, oswa yon lekòl piblik. Anplis, non ou ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak dosye w la ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS la epi y ap rapòte nan kad demann ki fèt pou rechèch travay anndan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo, ak desizyon ki gen pou wè ak fanmi dakèy yo ak paran adoptif yo, ak desizyon ki gen pou wè ak pèmi pou gad timoun yo, ak rapò an fonksyon de *Kòdd 31 Delaware §309* oswa *Kòd 16 Delaware §906(e)*.

Kondanasyon youn nan krim sa yo lè li baze sou menm zak abi oswa neglijan ki nan Avi Entansyon pou Etabli Prèv la konsidere kòm pi gwo risk domaj pou timoun nan alavni epi klase kòm Pwoteksyon Timoun Nivo IV: *agresyon nan yon machin, omisid nan yon machin, omisid akòz neglijan kriminèl, agresyon nan premye oswa dezyèm degre, asasina, omisid envolontè, asasina pa abi oswa neglijan, ensès, vyòl, kontak seksyèl ilegal, chantaj seksyèl, solisitasyon seksyèl a yon timoun, bestyalite, abis seksyèl kontini sou yon timoun, posesyon pònografi timoun, komès ilegal pònografi timoun, krim ki mete an danje byennèt yon timoun, krim danje kont yon timoun, anlèyman, kontrent, trafik timoun, trafik ilisit timoun, eksplwatasyon seksyèl yon timoun, ensitasyon pou suisid, mete an danje san konsiderasyon nan twazyèm degre,*

anprizònman ilegal nan premye degre, abi sou timoun nan premye/dezyèm degre, krim seksyèl konpòtman seksyèl ilegal kont yon timoun, krim abi seksyèl sou yon timoun pa yon moun li fè konfyans nan premye/dezyèm degre, oswa trafik moun ak esklavaj.

Kisa mwen ka fè si mwen pa dakò ak konklizyon sivil Divizyon an?

Avi Entansyon pou Etabli Prèv la ap gen ladan yon Fòmilè Demann Odyans. Li dwe retounen nan yon delè 30 jou apre w fin resevwa lèt sa.

Kisa Divizyon an fè lè mwen fin voye Fòmilè Demann Odyans lan?

Asistan sosyal la dwe depoze yon Petisyon pou Jwenn Prèv bò kote Tribinal Fanmi an nan delè 45 jou apre resepsyon demann ou an.

Èske mwen ka fè yon bagay si mwen pa kwè kondanasyon mwen an pou abi oswa neglijan sou yon timoun baze sou menm zak Divizyon an te ankete a?

Si Divizyon Sèvis Fanmi an detèmine apati ankèt li a li gen entansyon antre yon moun nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan apre yon kondanasyon Nivo II, III, oswa IV, Divizyon an dwe voye yon Avi Prèv bay moun nan ki ba li enfòmasyon sou prèv yo epi notifye li sou dwa li genyen pou li depoze yon Petisyon pou yon Odyans ki gen Objektif Limite devan Tribinal Fanmi an nan delè 30 jou apre li fin resevwa Avi Prèv la. Petisyon an dwe eksplike poukisa kondanasyon an pa baze sou menm zak abi oswa neglijan Divizyon an te fè ankèt li a.

E si mwen te demaske plis pase yon fwa?

Si yo rekonèt ou koupab abi oswa neglijan pandan ou enskri nan Rejis la, kondisyon ki poze pou chak zak yo dwe ranpli youn dèyè

lèt, kote kondisyon pou Nivo Pwoteksyon Timoun ki pi restriktif yo ap vini anvan sa ki gen nivo ki mwens restriktif yo.

E si jistifikasyon mwen yo nan yon Nivo Pwoteksyon Timoun ki diferan?

Yon moun ki te fini an pati ak yon nivo pandan yo vin asiyen li a yon nivo ki pi restriktif ap jwenn kredi pou akonplisman pasyèl sa lè li fin ranpli kondisyon pou nivo ki pi restriktif la/yo.

Kiyès ki gen aksè ak enfòmasyon sou Rejis Pwoteksyon Timoun?

Aplwayè ki nan sektè gadri, swen sante, ak lekòl piblik gen obligasyon pou yo verifeye Rejis Pwoteksyon Timoun nan epi fè sa ak konsantman ekri w.

Enfòmasyon yo konsève an konfòmite ak règ konfidansyalite ki pi rijid yo ki aplike nan non w. Sèl ka kote enfòmasyon sou kolaborasyon w ak Divizyon an kapab pataje san konsantman w se lè se Depatman Jistis la oswa ajans ki la pou fè Respekte Lalwa yo ki mande li nan kad yon ankèt kriminel sou abi ak neglijan sou timoun.

Èske mwen ka fè retire non mwen nan Rejis la?

Retrè Otomatik

Yon moun ki enskri nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan Nivo II oswa Nivo III Pwoteksyon Timoun nan ap soti otomatikman nan Rejis la sou kondisyon moun sa pa pwouve koupab de yon lòt zak abi oswa neglijan pandan li nan Rejis la.

Retrè Antisipe

Yon moun ki enskri nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan Nivo II oswa Nivo III Pwoteksyon Timoun nan kapab depoze yon Rekèt pou Retrè devan Tribinal Fanmi an anvan ekspirasyon delè ki te prevwa pou nivo sa.

Tribinal Fanmi an dwe gen pouvwa pou retire moun lan nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan. Pou li kapab pran desizyon sa Tribinal la dwe konsidere tout faktè ki pètinan yo, ki gen ladan:

1. Nati ak sikonstans zak inisyèl li te koupab la;
2. Tout ka abi oswa neglijan ki pwouve pandan li nan Rejis la;
3. Pase kriminel moun nan, sa ki enkli si moun nan gentan peye swa atravè arestasyon oswa kondanasyon pou zak li te fè ki te lakòz yo mete li nan Rejis la;
4. Respè kondisyon pwobasyon yo, si sa aplikab;
5. Risk la, si genyen, moun nan poze ak viktim nan, kominote a ak tou lòt potansyèl viktim;
6. Enpak anrejistreman ak notifikasyon anplwayè a sou viktim nan, kominote a ak potansyèl viktim yo;
7. Reyabilitasyon moun nan, si sa aplikab, oswa reyisit yon pwogram evalyasyon ak tretman, ki enkli yon plan entèvansyon tribinal la òdone oswa Divizyon an rekòmande; ak
8. Enpak negatif anrejistreman moun nan ak pwosesis reyabilitasyon an, sa ki enkli enpak sou opòtinite travay yo.

Èske li posib pou mwen fè retire non mwen nan Rejis la si li te enskri ladan lè mwen te timoun?

Yon moun ki enskri nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan, kèlkeswa nivo a kòm yon timoun, kapab, a nenpòt ki moman apre dizuit lane li yo, depoze yon Petisyon pou mande Retire nan Rejis Pwoteksyon Timoun Pou Yon Moun yo te Antre kòm Minè devan

Tribinal Fanmi an. Tribinal Fanmi an dwe gen pouvwa pou retire moun lan nan Rejis la. Pou li pran desizyon sa Tribinal la dwe pran an kont tout faktè pètinan, ki gen ladan Nimewo 1 a 8 anba ribrik Retrè Antisipe (anlè a).

Kisa ki ap pase si Divizyon an deside fanmi mwen bezwen sèvis?

Asistan sosyal la ap kòmanse fè vizit pou diskite sou pwoblèm ki idantifye yo pandan ankèt la ak tou pou familiarize ak fanmi w.

Ansanm nou pral travay pou nou elabore yon Plan Sèvis pou reponn a bezwen fanmi w lan ak pwoblèm sekirite timoun ou yo. Sa ap ede w suiv pwogrè w yo e ap ede asistan sosyal ou a detèmine pwen fò fanmi w lan ak bezwen li yo.

Patisipasyon w enpòtan paske li pèmèt mezire pwogrè w yo pou kapab pote amelyorasyon ak asire sekirite timoun ou yo.

Gen anpil sèvis ki disponib pou ede fanmi yo. Genyen ou ka jwenn poukont ou ak lòt ki ka mande pou gen yon rekòmandasyon asistan sosyal ou a. Ou kapab resevwa sèvis yo lakay ou oswa yon lòt kote.

Kisa ki ap rive si Divizyon an detèmine timoun mwen an pa an sekirite e dwe kite kay mwen an?

Lè sa posib, Divizyon an ap eseye konvoke nan reyinyon yon Ekip pou Pran Desizyon (TDM) swa imedyatman anvan plasman, swa 48 èdtan apre plasman, pou diskite pwoblèm sekirite ki fè Divizyon an vle gen gad la. Reyinyon TDM nan bay yon espas kote ou menm ak pwòch ou yo kapab reyini pou diskite de fòs, konesans, eksperyans ak resous fanmi pou nou kapab kreye yon plan ki ap asire sekirite timoun yo nan fanmi w.

Kiyès ki vini nan reyinyon TDM nan?

Reyinyon an ka gen ladan fanmi w, lòt paran, zanmi, manm legliz oswa lòt moun nan kominote w la. Ou menm ak asistan sosyal ou a pral deside kiyès nou ap envite. Reyinyon an ka gen ladan tou moun ki nan kominote w la ki ap bay ou menm ak fanmi w sèvis, pa egzanp yon konseye familyal.

Kisa ki pase nan reyinyon TDM nan?

Se yon animatè kalifye ki pa anplwaye w e ki pa gen okenn lyen ak fanmi w k ap dirije reyinyon an. Reyinyon yo ap kòmanse ak prezantasyon manm ekip yo antre yo. Apre prezantasyon yo, ou menm ak asistan sosyal Divizyon an pral pale de sa ki te atire atansyon Divizyon an sou fanmi an ak sa pwoblèm sekirite a ye. Ekip la pral travay apre sa pou chwazi yon lide ki ka reyalize, reyalis e ki ap asire sekirite timoun ou yo. Kapab genyen tout yon seri solisyon ki posib, sa ki gen ladan plasman timoun ou an nan yon fwaye dakèy andeyò fanmi w lan.

Si timoun ou an plase nan yon fwaye dakèy, asistan sosyal la ap rantre an kontak ak plis paran posib pou li kapab detèmine si yo kapab sèvi kòm fanmi dakèy oswa si yo kapab ofri ou oswa timoun ou an lòt sèvis sipò.

Ki dwa mwen genyen si yo retire timoun mwen an lakay mwen?

Pandan timoun ou an nan fanmi dakèy la, men dwa ou genyen yo:

- Pou konprann rezon ki lakòz timoun ou an plase nan fanmi dakèy la
- Genyen yon dwa pou vizit rezonab ak timoun ou an
- Resevwa èd pou rezoud pwoblèm ki mennen ak plasman timoun ou an nan fanmi dakèy la
- Yon Plan Sèvis ekri ki endike klèman sa ki dwe fèt pou timoun ou yo kapab rantre lakay yo
- Pou genyen yon egzamen peryodik pwogrè ou

- Pou patisipe nan planifikasyon bezwen timoun ou yo pandan tan y ap pase nan fanmi dakèy la, ki gen ladan edikasyon yo
- Pou resevwa enfòmasyon sou adaptasyon timoun ou an nan fanmi dakèy la, pwogrè lekòl, sante fizik ak mantal
- Pou konsanti ak maryaj, rantre nan fòs lame ak chanjman apatenans relijye timoun ou yo
- Pou konsanti a tout tretman medikal, pou rete enfòm sou eta timoun yo e nan fason sa posib, patisipe nan desizyon medikal yo. Men, nan ka absans ou oswa endisponibilite w, Divizyon an ap pran desizyon yo nan enterè siperyè timoun yo.

Èske m ap jwenn otorizasyon pou vizite timoun mwen an ki nan fanmi dakèy la?

Nou rekonèt enpòtans pou ou kenbe yon kontak *regilye* ak timoun ou yo. Asistan sosyal ou a pral travay ak ou pou pwograme vizit ou yo. Vizit yo kapab fèt nan biwo nou an, nan yon sant vizit ki sipèvize oswa lakay ou. Nan pifò ka yo vizit sa yo ap sipèvize oswa kontwole.



Kijan mwen kapab rekipere timoun mwen an?

Yon Plan Sèvis ap elabore ak apwobasyon Tribinal Fanmi an. Tribinal Fanmi an ap egzamine plan an peryodikman toutotan timoun ou an nan fanmi dakèy la.

Konbyen tan mwen dwe travay pou timoun mwen yo kapab antre lakay yo?

Kòm plasman nan fanmi dakèy la tanporè epi timoun yo bezwen yon fanmi pèmanan, objektif regwoupman an dwe atenn anvan timoun ou yo pase douz mwa nan fanmi dakèy. Si ou pa fè ase pwogrè pandan douz premye mwa timoun ou yo rantre nan fanmi dakèy la, kapab gen lòt objektif pèmanans ki defini. Lòt objektif sa yo gen ladan yo gad relatif, titèl, fen dwa parantal ak adopsyon.

Patisipasyon w se kle yon regwoupman reyisi. Yon mank koperasyon ak Plan Sèvis ou a kapab endike asistan sosyal ou a ak Tribinal Fanmi an ou pa vle pote chanjman pozitif ki nesèsè pou ofri yon fwaye ki an sekirite pou timoun ou an. Si Divizyon an pa an mezi pou li reyini ou menm ak timoun ou an, asistan sosyal ou a ap etidye posibilite pèmanans yo.

Mwen tande y ap di kèk paran pèdi gad timoun yo a definitivman. Èske sa kapab rive mwen?

An akò ak Lalwa Federal sou Adopsyon ak Sekirite Familyal nou gen obligasyon pou nou devlope plan pèmanan pou tout timoun ki plase andeyò fwaye yo pandan 12 mwa oswa plis. Pou mete fen nan dwa parantal yo (TPR) Divizyon an dwe prezante yon petisyon devan Tribinal Fanmi an, epi yon odyans revokasyon dwe fèt pou pran yon desizyon final.

An menm tan w ap resevwa èd epi w ap travay pou retou timoun ou yo lakay, Divizyon Sèvis Fanmi yo ap eksplore tou lòt opsyon pou timoun ou yo nan ka kote ou pa an mezi pou atenn objektif ou yo. Si sikonstans yo chanje epi ou pa travay yon fason aktif ankò pou reyalizasyon objektif retounen lakay la, Divizyon an kapab chanje objektif la pou lòt objektif pèmanans yo jan sa endike anlè a.

Èske gen yon lòt moun ki gen otorite pou mete timoun mwen an nan gad?

Dapre lalwa Delaware nenpòt ajan ki la pou fè respekte lalwa oswa doktè ki sispèk yon timoun an danje iminan pou li sibi domaj fizik grav oubyen wè lavi li menase akòz abi oswa neglijan kapab mete yon timoun nan *Gad Pwotektif Dijans Tanporè* pou jiska 4 èdtan. Ajan ki la pou fè respekte lalwa ak doktè a dwe kontakte Divizyon Sèvis Fanmi an ki pral mennen yon ankèt. An plis de sa, Divizyon Sèvis Fanmi an genyen menm otorite sa a, sou kondisyon timoun lan twouve li nan yon lekòl, yon gadri lajounen oswa yon gadri.

Kisa Lalwa Bra ki San Danje pou Bebe yo ye?

Lalwa Bra ki San Danje pou Bebe yo pèmèt paran yon timoun ki gen jiska 14 jou pou bay timoun nan yon fason anonim nan sal dijans yon lopital Delaware. Lopital la ap kontakte Divizyon Sèvis Fanmi an epi y ap jwenn yon fwaye ki gen sekirite pou timoun ou an. Yon paran ki remèt nourison li an dapre Lalwa Bra ki San Danje pou Bebe yo p ap sijè a ankèt e p ap enskri nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan. Ou kapab rele nan 1.800.262.9800 pou plis enfòmasyon sou pwogram sa.

CHAPIT II - REpons POU EVALYASYON AK ENTÈVANSYON NAN FANMI (FAIR)

Kisa FAIR ye?

FAIR, Repons pou Evalyasyon ak Entèvansyon nan Fanmi, se yon altènativ ak repons ankèt tradisyonèl la. Jeneralman, sèvis FAIR yo dedye a siyalman abi ak neglijan sou timoun ki prezante risk piti oswa modere epi ki pa mande yon repons nan men yon Ekip Milti-Disiplinè (MDT).

FAIR se yon apwòch ki reponn ak akizasyon abi ak neglijan sou timoun yo nan:

- Garanti sekirite timoun yo
- Travay an patenarya ak paran yo ak timoun yo
- Travay pou rezoud pwoblèm yo olye pou blame
- Pran avantaj sou pwèn fò fanmi yo
- Idantifye bezwen fanmi yo
- Bay yon fanmi sèvis li bezwen yo
- Ede yon fanmi konekte ak resous kominotè yo.

Kisa ki fèt pandan FAIR la?

Nan kad yon dosye FAIR, asistan sosyal la pral evalye si timoun ou yo an sekirite. Jeneralman asistan sosyal la rankontre tout fanmi an pou li ranseye li sou evènman yo, pwoblèm oswa sitiyasyon yo ki kreye oswa bay enkyetid yo nan sa ki gen pou wè ak sekirite aktyèl oswa byennèt alavni timoun ou an. Pwosesis sa kapab mande plizyè reyinyon ekip famiyal la. Si gen pwoblèm ki idantifye ki gen enpak sou priz an chaj timoun ou an, asistan sosyal ou a pral travay ak ou pou elabore yon plan pou abòde epi rezoud pwoblèm sa yo.



E si mwen pa vle patisipe nan sèvis FAIR yo?

Patisipasyon fanmi w nan sèvis FAIR yo volontè, men angajman w anvè Divizyon an obligatwa. Si ou chwazi pa patisipe nan FAIR, Divizyon an ap oblije mennen yon ankèt tradisyonèl. Pandan yon ankèt, Divizyon an ap detèmine si te genyen abi oswa neglijanans sou timoun. Si te gen abi oswa neglijanans, li

kapab debouche sou enskripsyon nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan.

Èske yo ka mete mwen nan Rejis

Pwoteksyon Timoun nan si mwen patisipe nan FAIR?

Patisipasyon w nan FAIR p ap abouti a yon rezilta ki kapab fè w antre nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan; men, si Divizyon an resevwa yon nouvo rapò ki mande yon ankèt oswa yon repons nan men Ekip Milti-Disiplinè a, rezilta ankèt pou rapò sa kapab abouti a yon konstataasyon abi oswa neglijanans sou timoun.

Konbyen tan FAIR dire?

Asistan sosyal FAIR yo jeneralman rankontre fanmi an pandan 60 a 90 jou ouvrab. Si fanmi w bezwen sèvis pandan plis pase 90 jou, ka w la ap transfere bay sèvis tretman kontinyèl yo.

CHAPIT III- LÒT SÈVIS AK NIMEWO TELEFÒN

Kiyès mwen kapab kontakte si mwen pa ka rive rezoud yon pwoblèm ak asistan sosyal mwen an?

Divizyon an rekòmande pou ou rezoud preyokipasyon w yo dapre etap sa yo.

Etap 1 - Kontakte **Sipèvizè** asistan sosyal ou a. Si sipèvizè a pa anmezi pou li rezoud plent ou an; kidonk,

Etap 2 - Kontakte **Administratè Rejyonal Adjwen** kote asistan sosyal ou an ap travay la. Men nimewo telefòn biwo rejyonal yo:

- Konte New Castle 302.660.3578
- Konte Kent 302.739.4800
- Konte Sussex 302.856.5450

Etap 3 - Kontakte Administratè Rejyonal kote asistan sosyal ou a ap travay la nan nimewo anlè yo.

Etap 4 - Kontakte Administratè Biwo Sèvis Timoun yo nan 302.633.2654.

A kiyès mwen ka pale nan ka kote pèsonèl Divizyon an afiche yon konpòtman ki pa pwofesyonèl?

Ou ankouraje pou suiv menm etap ou t ap suiv pou trete kesyon ki lye ak yon ka (Etap 1 a 4 yo anlè a); men, ou kapab tou diskite Preyokipasyon w ak **Lyezon Relasyon avèk Konstitiyan** Divizyon an nan 302.633.2714.

Ki lòt sèvis *Depatman Sèvis Timoun, Jèn ak Fanmi yo* ofri?

Divizyon Sèvis Prevansyon ak Sante Konpòtmantal (DPBHS) bay sèvis prevansyon volontè, sèvis entèvansyon bonè ak swen sante konpòtmantal piblik pou timoun ak fanmi yo nan tout Eta. Misyon yo se bay sèvis prevansyon ak tretman efikas pou timoun yo gras ak yon kolaborasyon avèk fanmi yo ak patnè sèvis yo.

DPBHS bay sèvis ak timoun jiska laj 17 lane ki pa asire; oubyen ki enskri nan Medicaid oswa CHIP epi ki bezwen sèvis ki pi entansif pase 30 èdtan sèvis anbilatwa nan kad prestasyon debaz Medicaid la pou sante timoun yo Òganizasyon Swen Jere (MCO) yo bay.

Sèvis DPBHS yo gen ladan:

- Prevansyon/Sèvis Entèvansyon Bonè
- Enfòmasyon ak Rekòmandasyon
- *Repons Priyoritè pou Timoun yo (Kriz)*
- Sèvis Anbilatwa
- Èd pou Sante Konpòtmantal
- Repo Terapi
- Tretman Lajounen

- Tretman Rezidansyèl Endividyèl
- Tretman Rezidansyèl
- Lopital Sikyatrik
- Konsiltasyon pou Sante Mantal ak Timoun Piti

Repons Priyoritè pou Timoun yo (Kriz)

Lè yon timoun gen yon kriz sante konpòtmantal oswa toksikomani epi kapab blese tèt li oswa yon lòt moun oswa te ekspoze tou resaman ak yon evènman twomatizan oswa vyolan, rele nan 1.800.969. ÈD (4357).

Sèvis *Repons Priyoritè pou Timoun yo (Kriz)* gen ladan:

- Entèvansyon sou plas nan tout Eta si sa nesèsè
- Evalyasyon risk sante mantal
- Suivi entansif timoun/fanmi an pandan 30 jou maksimòm lakay, nan lekòl oswa nan kominote timoun nan
- Kabann kriz ki sipèvize pou yon ti tan pou obsèvasyon klinik ak sekirite lè sa endike

Nòt: Sèvis *Repons Priyoritè pou Timoun yo* ka pa transpòte oswa itilize kontrent fizik ak yon timoun akòz pwoblèm jiridik ak sekirite. Si w gen yon ijans medikal, tanpri rele 911 anvan.

Gen enfòmasyon siplemantè sou DPBHS oswa sèvis nan kominote a ki disponib sou entènèt nan <http://www.kids.delaware.gov/pbhs/pbhs.shtml>.

Sèvis **Divizyon Sèvis pou Reyabilitasyon Jèn yo (DYRS)** bay sèvisdetansyon, tretman, pwobasyon ak suivi pou jèn nan Eta Delaware ke Tribinal Fanmi an òdone. DYRS responsab pou evalye bezwen endividyèl jèn yo epi kolabore ak fanmi yo, lekòl yo ak patnè yo nan kominote a. Objektif DYRS se kowòdone sèvis ak resous yo nan efò pou reyabilite jèn yo pou yo kapab tounen sitwayen pozitif nan kominote yo. Pou plis enfòmasyon rele

302.633.2620 oswa gade sou entènèt nan
<http://www.kids.delaware.gov/yrs/yrs.shtml>.



Si w bezwen pale ak yon moun, rele

- **KONTAKTE Liy èd:** 1.800.262.9800
Liy Asistans nan Ka Kriz 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou konsèy nan ka Agresyon Seksyèl, Sipò Anliy
- **Help Me Grow (Ede Mwen Grandi):** 211
8:00 am – 8:00 pm, lendi pou rive vandredi
Pou jèn timoun yo, relye fanmi yo ak pwogram sante oswa ki baze nan kominote a

Pou siyale abi sou timoun, rele

- **Liy pou Siyale Abi sou Timoun** 24 sou 24, 7 jou sou 7
1.800.292.9582
Divizyon Sèvis Fanmi Delaware
Ou kapab siyale sou entènèt tou. Iseethesigns.org

Pou siyale abi sou granmoun, rele

- **Sèvis Pwoteksyon Granmoun Delaware** 1.800.223.9074
Divizyon Sèvis pou Granmoun Aje ki gen Andikap Fizik Delaware
Imèl: DelawareADRC@state.de.us

Pou jwenn èd konsènan vyolans domestik, rele

- **Liy Asistans telefonik kont Vyolans Domestik** 24 sou 24, 7 jou sou 7
Child, Inc. – pèsonèl bileng disponib
 - NCC: 302.762-6110

- KC AK SC: 1.800.874.2070
- **Peoples Place** 24 sou 24, 7 jou sou 7 KC ak SC: 302.422.8058
- **Abriendo Puertos** SC: 302.745.9874 24 sou 24, 7 jou sou 7, *Espanyòl*

Pou siyale move tretman sou bèt, rele

- **Delaware SPCA**
 - Chapit NCC: 302.998.2281
 - Chapit SC: 302.856.6361*Ou kapab siyale sou entènèt tou*

Si w bezwen èd jiridik, rele

- **Community Legal Aid Society, Inc.**
Pou moun ki gen ti mwayen yo, aje oswa andikape
 - NCC: 302.575.0660 oswa 1.800.292.7980
 - KC: 302.674.8500 oswa 1.800.537.8383
 - SC: 302.856.0038 oswa 1.800.462.7070
- **Sèvis Jiridik Benevòl Delaware (DVLS)**
Dwe reponn ak nòm federal yo an rapò ak estanda revni povrete yo
Pou vyolans domestik, kesyon ki gen rapò ak pwopriyete, dwa familyal,
pansyon alimantè pou timoun, planifikasyon testaman
 - NCC: 302.478.8850
 - KC ak SC: 302.225.0582

Pou depoze yon petisyon pou gad, titèl oswa Pwoteksyon Kont Abi (PFA), rele

- **Tribinal Fanmi Eta Delaware la**
 - NCC: 302.255.0300
 - KC: 302.672.1000
 - SC: 302.855.7400

Pou asistans avèk pansyon alimantè pou timoun, rele

- **Divizyon Egzekisyon Pansyon Alimantè pou Timoun Delaware la**
 - NCC: 302.577.7171
 - KC: 302.739.8299
 - SC: 302.856.5386

Pou asistans nan kad defans pou viktim, rele

- **Biwo Avoka Timoun yo**

- NCC: 302.255.1730
- SC: 302.856.5720

- **DE Center for Justice, Inc.:** 302.658.7174

Pou pwogram lojman an ijans yo, èd pou bezwen de baz ak èd alimantè, èd pou imigrasyon, èd pou adolesan/fanm ansent ak èd pou enèji pou moun ki gen ti revni yo, rele

- Catholic Charities

- NCC: 302.655.9624
- KC: 302.674.1600
- SC: 302.856.9578

Pou jwenn konsèy oswa sèvis sante mantal, rele

- Children & Families First 1.800.220.3092

(nan tout Eta)

- Sèvis Oryantasyon Delaware

- Wilmington: 302.652.3948
- Newark: 302.455.9333
- Dover:: 302.678.3020
- Lewes: 302.645.5338
- Seaford: 302.262.3505

- Sèvis pou Fanmi Juif yo

- NCC 302.478.9411

- Sant Kominotè Latino-Ameriken

- NCC 302.655.7338

- SOAR (abi seksyèl)

- NCC: 302.655.6593
- KC: 302.422.3811
- SC: 302.645.4903

Pou asistans ak abi alkòl oswa dwòg, rele

- Aquila

- NCC: 302.999.1106
- SC: 302.856.9746:

- Sèvis Konsiltasyon ak Kominotè Brandywine

- NCC: 302.656.2348
- SC: 302.856.4700

- Crossroads of Delaware, Inc.

- NCC: 302.652.1405, ext.113
- KC: 302.744.9999

- Fellowship Health Resources, Inc.

- SC: 302.934.7318

- SODAT 1.800.551.6464 (Nan tout Eta)

Biwo Divizyon Sèvis Fanmi yo

Biwo Administratif:

Delaware Youth and Family Center

1825 Faulkland Road
Wilmington, DE 19805
302.633.2657

Konte New Castle:

Rejyon I, II & V - Churchman's Corporate Center

92 Christiana Road
New Castle, DE 19720
302.660.3578

Konte Kent:

Rejyon III - Batiman Barratt ak Batiman Robbins

821 Silver Lake Blvd., Suite 200
Dover, DE 19901
302.739.4800

Konte Sussex:

Region IV – Thurman Adams

Sant Sèvis Eta 247 N.E Front Street

546 South Bedford Street
Georgetown, DE 19947
302.856.5450

Riverwalk I & II

Milford, DE 19963
302.422.1400

Edward W. Pyle State Service Center

Rt. 2, P.O. Box 281-1
Frankford, DE 19945
302.732.9510

Anna C. Shipley State Service Center

350 Virginia Avenue
Seaford, DE 19973
302.628.2024



Eta Delaware

**Depatman Sèvis pou Timoun,
Jèn ak Fanmi yo**

Divizyon Sèvis Fanmi yo

Sit Entènèt: <http://www.kids.delaware.gov>

**Andedan paj kouvèti dèyè a
Pibliye 2020
FY200814**